

# Wayòm nan deja tabli — Fò l vini!

(Revelasyon 11:15; 12:10)

1. Jewova, ou te toujou la,  
W'ap toujou egziste.  
Ou tabli Jezi sou twòn nan.  
Kouny'a, l'ap dirije.  
Finalman, Wayòm nan parèt,  
Li pral jere tout tè a nèt.

*(REFREN)*

*Delivrans lan rive!*

*Wayòm nan anplas, li pisan.*

*Wi, li deja tabli.*

*Ann di: "Fò'l vini, Fò'l vini!"*

2. Dyab la rete yon tikras tan,  
Sa fè'n pa pè demen,  
Malgre nou nan tan difisil,  
Nou konn sa'k pral genyen.  
Finalman, Wayòm nan parèt,  
Li pral jere tout tè a nèt.

*(Refren)*

3. Nan syèl la zanj yo nan lajwa,  
Yo pran chante byen fò.  
Manti fini, yo soulaje,  
Satan pa la ankò.  
Finalman, Wayòm nan parèt,  
Li pral jere tout tè a nèt.

*(Refren)*